



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Carpon “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid nu aya dina buku kumpulan carpon *Kanagan* mangrupa karya Iskandarwassid nu béda tina karya-karya nu lianna. Carpon “Situng Kalapa” ditalungtik maké pamarekan psikologi lantaran carpon “Situng Kalapa” téh beunghar pisan ku ajén psikologis.

Dumasar kana déskripsi jeung hasil analisis data nu dipidangkeun dina bab IV, aya sababaraha hal nu perlu dicindekkeun, nya éta masalah unsur intrinsik, aspék psikologis palaku dina carpon “Situng Kalapa”, riwayat kapangarangan Iskandarwassid salaku pangarang éta carpon sarta patalina antara aspék psikologis tokoh dina carpon “Situng Kalapa” jeung pangarangna.

Unsur intrinsik nu aya dina carpon “Situng Kalapa” téh ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina carpon “Situng Kalapa” nya éta dendam pribadi pamajikan ka salakina, lantaran mangtaun-taun dipangnyolowédorkeun, disiksa batinna, jeung kasar sikepna, nepi ka ahirna budak nu ngan hiji-hijina téh jadi korban. Fakta carita ngawengku penokohan, latar, jeung galur. Tokoh atawa palaku nu ngalalakon dina ieu carpon nya éta Ira salaku palaku utama, Indung Ira palaku kadua, jeung Bapa Ira, Bi Asih sarta Bi Popi salaku palaku tambahan. Latar dina carpon “Situng Kalapa” ngawengku latar tempat jeung latar waktu. Latar tempat nya éta anu ngagambarkeun tempat lumangsungna kajadian, nya éta di kota Bandung, jéntréna deui di hiji imah, di rohangan tamu, di rohangan makan, di buruan imah, di ambulan, jeung di kantor.

Latar waktu dina ieu carpon nya éta, peuting-peuting (bada Isa, pukul sabelas kurang saparapat, jeung pukul sapuluh), pabeubeurang jeung soré (tabuh opat). Galur dina carpon “Situng Kalapa” nya éta galur campuran atawa biasa disebut galur maju mundur. Carita dimimitian ku ngagambarkeun kaayaan nu keur lumangsung dina diri palaku-palakuna, dituluykeun ku ngagambarkeun kajadian waktu katukang minangka sabab ayana konflik, carita dituluykeun ku timbulna konflik jeung ahirna konflik ditutup. Sarana carita nu dianalisis dina ieu carpon ngawengku judul, puseur implengan, jeung suasana. Judul carpon nu dipilih ku pangarang saluyu pisan jeung eusi caritana. Puseur implengan nu digunakeun ku pangarang dina carpon “Situng Kalapa” nya éta pangarang minangka juru catur nu aya di luareun carita atawa caturan jalma katilu (*third-persons narrative*). Suasana nu kagambar dina carpon “Situng Kalapa” nya éta suasana nu pikasediheun, pikaharueun jeung pikarunyeun.

Aspék psikologis palaku nu kapanggih dina carpon “Situng Kalapa” nya éta aspék psikologis palaku Ira jeung Indung Ira. Aspék psikologis palaku ngawengku karakteristikna (temperamén jeung watek). Ira mangrupa budak rumaja nu boga temperamén nu sabar nyanghareupan masalah nu tumiba ka kulawargana. Kasabaran Ira nyanghareupan masalah di kulawargana ahirna ngajadikeun Ira robah. Tadina Ira aktif jeung pinter di sakolana. Ti saprak boga masalah Ira jadi budak nu cicingeun, kedul diajar, malahan mah nepi ka gering jeung pondok harepan. Indung Ira tadina mangrupa hiji istri nu sabar pisan nyanghareupan salakina nu nyolowédor. Lila-lila nyabar-nyabarkeun manéh demi

budak hiji-hijina, ahirna malah jadi dendam. Dina waktu salakina gering ripuh indung Ira malah males kanyerina ku cara teu ngurus ka salaki nu gering ripuh.

Riwayat kapangarangan Iskandarwassid salaku pangarang carpon “Situng Kalapa” kapanggih ngaliwatan wawancara jeung telaah pustaka. Iskandarwassid dibabarkeun di Cipageran, Cimahi, 2 Juli 1939. Karier nulisna dimimitian waktu Iskandarwassid keur kelas lima SD, harita tulisanana meunang saémbara ti majalah *Teruna*. Ti harita Iskandarwassid teu eureun nulis, malahan mah carpon-carponna dibukukeun dina buku kumpulan carpon *Halimun Peuting* sarta meunang hadiah sastra Rancagé. Iskandarwassid mémang kasebut pangarang nu teu pati produktif, karyana teu unggal taun aya, tapi ampir unggal karyana jadi pinunjul jeung meunang penghargaan. Iskandarwassid téh pangarang sakaligus dosén. Iskandarwassid téh hiji pangarang kawéntar jeung dosén nu kawilang suksés sarta pribadina basajan jeung pikaresepeun.

Aya sababaraha hal nu kapanggih sanggeus nalungtik carpon “Situng Kalapa” jeung pangarangna. Carpon “Situng Kalapa” mangrupa karya Iskandarwassid nu boga “nuansa” jeung suasana nu béda dibandingkeun jeung karya-karya nu lianna. Sanggeus dititénan carpon “Situng Kalapa” mangrupa hasil tina imajinasi jeung pangalaman pangarang tina ngupingkeun carita batur, nu diolah jeung diasakkeun salila ampir sapuluh tahun. Jadi, ide carita jeung karakteristik palaku-palaku nu digambarkeun ku Iskandarwassid dina carpon “Situng Kalapa” teu aya patalina jeung karakteristik pribadi pangarang, atawa pangalaman hirup langsung pangarangna.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan aspék psikologis kana hiji carpon kacida héngkérna. Ku kituna, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi alternatif pikeun panalungtikan satuluyna, sarta bisa nambahan pangaweruh dina nalungtik karya sastra, sanajan ieu panalungtikan téh teu sampurna. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep aya kontribusina pikeun bahan pangajaran apresiasi sastra di sakola. Ku kituna perlu diayakeun lajuninglaku tina ieu panalungtikan pikeun ngajembaran jeung ngaronjatkeun ajén panalungtikan anu saterusna.